Pou Piblikasyon Imedya: 20/02/2019 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE HICKEY FREEMAN TAILORED CLOTHING PRAL AJOUTE 80 DJÒB NAN LOKALITE ISTORIK YO GENYEN NAN ROCHESTER A

Konfeksyonè Rad ki gen Renonme Mondyal la pral Modènize Faktori yo a ki gen 107 tan

Envestisman an ap Konplemante Inisyativ "Finger Lakes Forward" lan – ki se Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo ak Devlope Ekonomi an

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Luxury Men's Apparel Group, ki se manman konpayi Hickey Freeman, yon konfeksyonè rad ki gen renonme mondyal te pran angajman pou yo kreye jiska 80 nouvo djòb pandan twazan k ap vini yo. Atravè estabilizasyon operasyon yo ak amelyorasyon efikasite nan faktori istorik yo gen nan Vil Rochester a, konpayi a pral non sèlman kreye nouvo djòb, men tou y ap retni 420 pòs travay pou yo ka plis sipòte efò kont povrete k ap fèt nan Konte Monroe a yo.

"Hickey Freeman te fè pati biznis ak kominote fabrikasyon Rochester a depi plizyè jenerasyon, epi envestisman sa a pral asire li kontinye fè pati tisi ekonomik vil la pou anpil deseni k ap vini ankò", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou fyè pou nou sipòte agrandisman konpayi anblematik sa a nan Rochester, k ap kreye bon jan kalite djòb pou rezidan k ap travay di yo epi k ap fè rejyon Finger Lakes la vanse vè lavan."

"Kostim Hickey Freeman yo pi bon kalite pase lòt yo epi yo fabrike yo avèk fyète nan Eta New York", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te fè anons jodi a nan Rochester, te di.** "Rad yo fabrike yo fè pati istwa lejandè Rochester a, epi nou pran angajman pou nou sipòte agrandisman yo ak kwasans y ap kontinye viv nan rejyon nò New York la. Hickey Freeman se dènye konpayi ki anonse nouvo djòb ki byen peye y ap kreye nan Vil Rochester, epi envestisman sa a pral ede asire Rejyon Finger Lakes kontinye fè pwogrè ekonomik."

Pou fasilite plan an, Eta New York ap bay 4 milyon dola sou fòm yon prè konvètib atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò (Upstate Revitalization Initiative, URI) Finger Lakes Forward la an echanj pou yo pran angajman pou kreye djòb. Anplis de finansman URI la, fonksyonè Gouvènman Federal la yo, Konte Monroe, Vil Rochester, ak Greater Rochester Enterprise te sipòte efò ki te fèt pou asire ke Hickey Freeman kontinye gen prezans li nan lokalite konpayi a genyen nan North Clinton Avenue an. Yo prevwa ke modènizasyon y ap fè nan faktori a, ki deja ankou, pral fini nan fen ane 2019 la, epi yo estime pwojè a ap koute 8.2 milyon dola ototal.

Stephen Granovsky, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Luxury Men's Apparel Group la, te deklare, "Ane sa a ap fè Hickey Freeman 120 tan, epi nou pa ta ka selebre nan okenn lòt meyè fason ke anons patenarya nou ap fè ak eta a, vil la ak

konte a, pou nou rekapitalize Hickey Freeman Tailored Clothing avèk yon montan 8 milyon dola nou ap mete ansanm k ap poze fondasyon pou yon lòt 120 ane ankò nan Rochester. Avèk pwofi yo, ansanm ak sipò federal nou resevwa, nou konte rekonsevwa faktori sa a k ap pèmèt nou fabrike rad nou yo pou nouvo mekanis distribisyon, nouvo gam pri, nouvo mak, ak menm pou nouvo kategori. An fèt, jodi a, nou ap anonse ke apati ete k ap vini la, nou konte kòmanse fabrike chemiz sware nan Rochester, sa k ap ajoute 20 djòb imedyatman".

An Desanm 2018 la, Senatè Etazini Charles E. Schumer te plis ede Hickey Freeman ankò lè li te asire ke Rapò Konferans Bipati sou Pwojè Lwa Agrikòl la (Farm Bill Conference Report) gen ladan yon pwonlonjman pwogram Fon Fidisi Lèn lan (Wool Trust Fund) ki konplètman finanse jiska 2023. Pwogram lan, ki ofri Hickey Freeman jiska 3 milyon dola pa ane nan soulajman sou tarif yo, se yon eleman enpòtan k ap ede kenbe pri yo nan nivo ki ka rivalize ak konkiran aletranje ki pa peye tarif sa yo.

Senatè Etazini Charles Schumer te deklare, "Jodi a nou ap abiye Hickey Freeman, ki se yon enstitisyon anblematik nan Rochester ki gen 120 ane pou l ka gen yon avni ki menm pi long ak pi briyan ankò nan Rochester avèk nouvo pwodiksyon, nouvo pwodui ak pi enpòtan ankò, nouvo djòb. Kapasite pou nou kreye nouvo djòb sa yo te depann de pwolonjman Fon Fidisi Lèn lan ki te gen pou l pran fen ane 2019 la, epi sa ta pral elimine jiska 3 milyon dola pa ane ke konpayi an ka konte sou yo pou konpanse pou tarif federal antikonkiransyèl sou lèn brit enpòte a. Olye de sa, mwen te lite avèk fewosite pou nou sekirize yon pwolonjman Fidisi Lèn lan pou senk an nan Pwojè Lwa Agrikòl la, sa k ap kreye yon tèren jwèt egal pou Hickey Freeman ak pou rad klas mondyal sou mak distenktiv 'Fabrike Ozetazini' yo a. Ansanm ak sipò vital Gouvènè Cuomo te ban nou an ak efò ekip sa a te fè sou direksyon Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Empire State Development Eta New York a (NYS ESD), Howard Zemsky, nou te kreye nouvo djòb nan Hickey Freeman nan Rochester".

Manm Kongrè Joe Morelle te deklare, "Hickey Freeman te yon eleman anblematik nan tisi kominote Rochester a pandan plis pase santan, epi mwen vrèman kontan paske modènizasyon sa yo pral pèmèt biznis kontinye devlope, y ap kreye nouvo djòb, epi y ap ranfòse ekonomi rejyonal nou an pandan anpil ane k ap vini ankò. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Cuomo ak patnè nou yo nan Empire State Development pou angajman yo kontinye pran anvè kwasans ekonomik ak opòtinite dirab nan Rochester ak toupatou atravè Eta New York".

Fabrikan kostim vès pou gason yo te fonde an 1899 la, ap opere depi an 1912 nan enstalasyon aktyèl yo genyen nan North Clinton Street lan, ke yo konn rele Temple a. Anplis de anplwa yo ofri rezidan ki nan katye yo a, pwogram Ewo ak Lidè Kickey Freeman lan (Hickey Freeman's Heroes & Leaders) chache anplwaye ansyen konbatan lokal yo epi sipòte ansyen konbatan Rochester yo ak sila ki soti toupatou nan nasyon an yo atravè don kostim yo fè yo kado pou y al nan entèvyou ak nan travay.

Prezidan, PDG ak Komisyonè Empire State Development Howard Zemsky te deklare: "Lè nou sipòte kwasans ak modènizasyon k ap kontinye fèt nan konpayi istorik sa a, ki se yon pwen makan pandan santenè ki sot pase a, sa pral sipòte pwochen chapit siskè ekonomik lan".

Prezidant Inivèsite Kominotè Monroe a (Monroe Community College), Anne Kress ak Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès Rejyon Metwopolitèn Rochester a (Greater Rochester Chamber of Commerce), Bob Duffy, ki se de Koprezidan Konsèy Devlòpman Ekonomik Rejyonal pou Finger Lakes la (Finger Lakes Regional Economic Development Council) te di, "Hickey Freeman gen yon istwa long nan Vil Rochester epi envestisman sa ak plan ekspansyon an montre angajman konpayi kontinye pran anvè zòn lan. Nou fyè de efò kolaboratif sa a ki pral asire yo kreye anpil nouvo djòb ki byen peye nan ane k ap vini yo, sa k ap kontribye nan kwasans ekonomik k ap kontinye nan rejyon Finger Lakes la".

Senatè Joe Robach te deklare, "Se yon trè bòn nouvèl pou n tande ke Hickey Freeman pral kontinye pouswiv istwa long ak rich yo a isit la nan Rochester, epi nan pwosesis la y ap kreye nouvo djòb pou mendèv nou an. Antanke yon manm nan Konsèy Devlòpman Ekonomik Rejyonal pou Finger Lakes la, mwen fyè pou m wè envestisman eta a fè nan pwojè sa a ak efò kolaboratif tout moun ki te rann li posib yo".

Manm Asanble a David Gantt te deklare, "Hickey Freeman te yon eleman enpòtan nan pase Rochester epi kounye a li pral kontinye rete yon eleman enpòtan nan avni l tou. Nou remèsye konpayi a anpil paske yo pran angajman pou yo kontinye devlope biznis lejandè yo a isit la, sa k ap kreye bon jan djòb pou rezidan nan zòn lan yo. Mèsi tou a tout kominote a ak patnè nou yo nan eta a ki te travay an kolaborasyon etwat pou asire ke konpayi an kontinye gen prezans li nan North Clinton Avenue".

Harry Bronson, ki se Manm Asanble, te deklare, "Mwen felisite Stephen Granovsky, ak ekip nan Luxury Men's Apparel Group la pou angajman yo pran anvè rejyon an epi paske y ap kontinye prezève rantabilite operasyon Hickey Freeman lan yo nan Rochester. Anons konpayi a ak Gouvènè Cuomo fè jodi a montre ke zòn Rochester an gen yon mendèv solid, divèsifye ak kalifye, epi li nan yon pozisyon ekonomik pou kreye epi mentni anpil djòb alavni. Mwen atann pou Hickey Freeman kontinye operasyon l yo epi ajoute nouvo djòb nan kè vil Rochester".

Majistra Rochester a Lovely A. Warren te deklare, "Hickey Freeman rete yon anplwayè anblematik nan Rochester depi prèske 120 tan epi faktori yo gen nan North Clinton Avenue se yon sous fyète katye nan Nòdès Rochester a, se poutèt sa administrasyon mwen an kontan pou nou sipòte pwojè agrandisman sa a avèk 500,000 dola sou fòm sibvansyon ak prè k ap soti nan Vil Rochester ak Rochester Economic Development Corp. Mwen vle remèsye pwopriyetè Hickey Freeman yo paske yo kwè nan vil nou an epi paske y ap envesti nan kominote nou an. Mwen rete rekonesan anvè Gouvènè Cuomo ak Empire State Development paske yo pote kreyatè travay sa yo bay Rochester atravè 'Finger Lakes Forward' epi ede nou reyalize objektif nou pou kreye plis djòb, katye ki pi an sekirite ak vibran, ak pi bon opòtinite edikasyon pou sitwayen nou yo".

Egzekitif Konte Monroe a, Cheryl Dinolfo te di, "Hickey Freeman te yon anblèm pou Rochester depi anpil jenerasyon epi mwen fyè pou m te fè pati konvèsasyon kolaborativ sa a pou fè konpayi a rete isit la pou anpil ane k ap vini ankò. Konte Monroe ap ofri sipò total pou pwogram devlòpman mendèv inik nou yo, tankou LadderzUp ak Recruiting on the Road, pou ede konpayi a anboche anplwaye kalifye pandan y ap ajoute plis djòb onivo lokal. Mwen remèsye Hickey Freeman pou

angajman yo kontinye pran anvè Konte Monroe a epi mwen swete yo bòn chans pandan y ap kòmanse dènye chapit sa a nan gran istwa siksè lokal yo a".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Greater Rochester Enterprise la, Matt Hurlbutt, te di, "Nou kontan paske Hickey Freeman pral devlope nan Rochester, NY. Gras a kolaborasyon mèveye nou te fè ak patnè devlòpman ekonomik nou yo, ekip direksyon Hickey Freeman lan te jwenn mendèv kalifye ak resous ki nesesè pou sipòte operasyon yo isit la nan Rochester, NY".

Gary Bonadonna Jr., ki se Direktè Komite Miks Rejyonal Rochester a (Rochester Regional Joint Board), nan Workers United, te deklare, "Mwen felisite ESD pou sipò yo ap bay Hickey Freeman. Sa a se pa sèlman yon lòt faktori, epi se pa sèlman yon lòt djòb. Se yon biznis lejandè ki gen sendika solid ki reprezante anplwaye l yo. Sendika nou an ak Hickey Freeman gen plis pase 100 tan istwa epi se pi bèl egzanp patenarya ki genyen ant sendika ak jesyon operasyon yo. Sipò sa a pral ede asire sekirite travay pou 400 manm sendika yo epi y ap ajoute plis alavni pwòch. Travayè Hickey Freeman lan yo te konsakre vi yo a faktori sa a epi yo vrèman fyè de metye konfeksyon yo a ak pi meyè kostim yo fabrike nan peyi a. Jodi a se yon jou enkwayab pou Workers United ak Hickey Freeman".

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Hickey Freeman, klike isit la.

Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward
Anons jodi a vin konplete pwogram "Finger Lakes Forward", ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlòpman kominotè. Eta a te envesti deja plis pase 6.1 milya dola nan rejyon an depi ane 2012 la pou reyalize travay preparatwa pou plan – lè li envesti nan endistri kle yo ki gen ladan yo fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gwo Resesyon an; taks revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope epi envesti.

Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram "Finger Lakes Forward" la ak yon envestisman 500 milyon dola Eta a te fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Envestisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo envesti plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib isit la.

###